


# ANTROPONIMNÍŃ IZERTLENIW MÁSELESI

**Nesibeli Baltaniyazova Teńelbaevna**
Berdaq atındaǵı QMU magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.16032982

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 07-Iyul 2025 yil
Ma'qullandi: 11-Iyul 2025 yil
Nashr qilindi: 17-Iyul 2025 yil

**KEY WORDS**

*antroponim, tariyx, til bilimi, etnografiya, ortaq til elementleri, geografiyalıq atamalar, uruw atamaları, qaraqalpaq hayal-qızlar ismleri.*

**ABSTRACT**

*maqalada til biliminiń onomastika, onıń antroponim tarawınıń áhmiyeti hám basqa ilimler menen baylanısı máseleleri, izertlew obyekti, antroponimikanıń tariyx, ádebiyat, etnografiya, sociologiya sıyaqlı ilimler menen baylanıslı izertleniwi hám ózine tán ózgeshelikleri haqqında sóz etilgen.*

Antroponim – bul onomastika til biliminiń tiykarǵı tarawlarınan biri bolıp, menshikli atamalardıń jıyıntıǵı. Onomastikanıń bir bólimi bolǵan antroponimika – menshikli adam atların úyrenetuǵın til bilimi tarawı. Adam atları birinshi gezekte, adamnıń jámiyettegi ornın ajıratıp kórsetiw ushın qoyıladı. Bul tuwralı V.A. Nikonov: "Adam atları jámiyette hám jámiyet ushın oǵada zárúr. Olardı jámiyette itibarsız qaldırıwǵa bolmaydı. Sonlıqtan adam atlarına degen mápdarlıqtıń kúshli ekenligi túsinikli" [1:33] dep kórsetedi. Antroponimler basqa sózler sıyaqlı tildiń zańlılıqlarına baǵınadı, sonlıqtan olar til sistemasınıń tiykarǵı bir bólegin quraydı, etnografiya, tariyx, sociologiya hám huqıqtanıw menen birgelikte úyreniledi.

Haqıyqatında da, adam atların izertlew arqalı xalıqtıń til tariyxın, úrp-ádet dástúrlerin, sociallıq jaǵdayların hám taǵı basqa sırların ashıwǵa boladı. Házirgi qaraqalpaq adam atlarınıń quramında arab-parsı, túrkiy hám mongol tillerine ortaq elementler, rus tili arqalı kelip kirgen adam atları ushırasadı. Sonıń menen birge, qaraqalpaq adam atları grammatikalıq qurılısı hám semantikalıq ózgeshelikleri jaǵınan da hár tárepleme úyreniwdi talap etedi. Jámiyettiń ózgerip rawajlanıwı menen bir qatarda ilim hám mádeniyat, solar menen adam atları da hár jámiyetke say jańa isimler menen tolısıp baradı, al olardıń geyparaları gónerip umıt bolıp, qollanıwdan shıǵıp qaladı. Adam atları arqalı tariyx betleriniń sırları ashıladı, bolıp ótken tariyxıy waqıyalardaǵı is-háreketlerdiń kimler tárepinen islengenligi kórinedi, adamlardıń jámiyettegi ornı anıqlanadı [2]. Sonlıqtan da, adam atların izertlew arqalı dáwirdiń hárqıylı basqıshlarında jasap ótken qaraqalpaq xalqınıń adam atlarındaǵı ózgesheliklerdi anıqlaw múmkin.

Antroponimika tarawı ulıwma til biliminde keń izertlenip kiyatırǵan tarawlardıń biri. Túrkiy til biliminde onomastika, sonıń ishinde antroponimlerdi izertlewde ilimpazlar V.V. Radlov, G.A. Levshin, P. Melioranskiy, V.V. Bartold, N.A. Baskakov, N.A. Aristov, G.N. Potanin,

A.M. Sherbak hám t.b. úlken úles qostı. Al, qazaq onomastikasın, sonıń ishinde antroponimika tarawın arnawlı izertlegen lingvistler T. Januzaqov, G. Járkeshova, V.U. Maxpirov, O. Sultaniyaev, E. Qoyshıbaev, V.N. Potapova, A. Ábdirahmanov, G. Qonqashpaev, D. Junisov, S. Amanjolov, M. Tınıshbaev h.t.b ilimpazlar bolıp esaplanadı. Solardiń ishinde eń dıqqatqa ılayıq jumıslardan J. Aǵabekova qazaq tilinde qáliplesken shıǵısı arab isimleriniń etnolingvistikalıq sıpatın qarastırsa, A. Bayǵutova óz miynetinde antroponimlerdiń lingvofolkloristlik hám genderlik tárepin izertledi [3:91].

Ózbek til biliminde bolsa antroponim máselesi G.F. Sattarov, T. Januzoqov, R. Qonǵúrov. J. Muxtorov, E. Begmatov, D. Abdurahmonov, E. Qilichev hám A. Xudaynazarov sıyaqlı ilimpazlar tárepinen izertlendi. E. Begmatov 1965-jılda "Ózbek tili antroponimikası", I. Xudoynazarov bolsa "Antroponimlerdiń til sózlik qorındaǵı áhmiyeti hám olardıń semantikalıq ózgeshelikleri" (1998) temasında kandidatlıq dissertaciyasın qorǵadı. 2000-jılda bolsa N. Husanov "XV ásir jazba estelikleri tilindegi antroponimlerdiń leksika-semantikalıq ózgeshelikleri" temasında doktorlıq dissertacıyasın qorǵadı.

Basqa xalıqlar til bilimi tájiriybelerin ózlestirgen qaraqalpaq til biliminde hám bul tarawdı izertlewge itibar qaratıla basladı. Ilimpaz N.A. Baskakov birinshilerden bolıp, qaraqalpaq toponimikası hám onomastikasın izertlewdiń oǵada zárúr ekenligin atap kórsetti. Ol óziniń «Karakalpakskiy yazik» atlı miynetiniń birinshi tomında qaraqalpaq adam atlarınıń dizimin bergen. Bul qaraqalpaq antroponimiyası boyınsha aytılǵan dáslepki ilimiy pikirler hám jıynalǵan materiallar edi. N.A. Baskakov maqalasında gúl komponentiniń qaraqalpaq hayal-qızları isimleriniń quramında úsh túrli variantta qollanılatuǵınlıǵın hám semantikalıq jaqtan jasalıw jolların ashıp kórsetti [4:138-142].

Tariyxshı hám etnograf L.S. Tolstova óziniń maqalasında [5:67-71] qaraqalpaq antroponimlerine qısqasha sholıw jasap, geografiyalıq atamalarǵa baylanıslı (Shımbay, Moynaqbay, Tórtkúlbay, Nókisbay, Dáryabay, Teńizbay hám t.b.), urıw, millet atamalarına baylanıslı (Qıyatbay, Qıpshaqbay, Mańǵıtbay, Túrkmenbay, Qazaqbay hám t.b ) qoyılǵan adam atlarınıń jasalıw jolların lingvistikalıq hám tariyxıy-etnografiyalıq materiallar tiykarında dálillegen. Ol óziniń taǵı bir maqalasında áyyemgi Shıǵıs antroponimleriniń toparına kiretuǵın Samiram atınıń qaraqalpaq folklorında saqlanǵanlıǵı haqqında aytadı. Ilimpazdıń pikirinshe, Samiram – biziń eramızǵa shekemgi IX ásirlerde jasaǵan Assiriyanıń er patshası Shammurat (yamasa Sammuramat) atınıń negizgi úlgisi bolıp, ol áyyemgi armiyan xalqına belgili bolǵan Shamiram atı menen de baylanıslı. Avtor adam atları arqalı xalıqlar arasında kiyatırǵan óz-ara tariyxıy baylanıstıń túyinin ashıp, usı xalıqlar arasındaǵı Samiram haqqındaǵı ańızdıń uqsaslıǵına ayrıqsha dıqqat awdarǵan.

Qaraqalpaq adam atlarına baylanıslı bolǵan ayırım máseleler jergilikli alımlar tárepinen de izertlendi. Máselen, D.S. Nasırovtıń L.S. Tolstova menen birgelikte jazılǵan maqalasında qaraqalpaq adam atları hám familiyalarınıń tariyxı, tuwısqanlıq terminlerdiń adam atlarınıń quramında qollanılıw ózgeshelikleri sóz etilgen. Sonday-aq, bul maqalada qaraqalpaq adam atlarınıń semantikalıq klassifikaciyası hám olardıń tariyxıy rawajlanıw basqıshları da keń tárizde kórsetilgen [6:152-156].

J. Shámshetov qaraqalpaq adam atlarınıń quramında shıǵısı arabsha qatlamlardıń qollanılıwı, qurılısı boyınsha ózgeshelikleri hám olardıń fonetikalıq ayırmashılıqların kórsetip bergen [7:77-82]. O. Yusupov bolsa Alpamıs, Baybóri, Áshim antroponimleriniń hám Qońırat etnoniminiń etimologiyasın ashıp, bir neshe isenimli dáliller menen tariyxıy

jaqtan sıpatlama bergen [8:56-63]. Q. Qoshanov «Rus hám qaraqalpaq tilleriniń óz-ara baylanısı máseleleri» (Nókis, 1991) atlı miynetinde qaraqalpaq tiline russha adam atlarınıń kelip kiriw jaǵdayların hám olardıń qollanılıw ózgesheliklerin kórsetken. Sonday-aq, avtor qaraqalpaq adam atlarınıń jazılıw máselelerine de ayrıqsha dıqqat awdarǵan.

Qaraqalpaq adam atlarınıń sózligi birinshi ret O. Bekbawlov tárepinen «Jeke adam atları» degen atamada 1973-jılı baspadan shıqtı. Ekinshi sózlik bolsa O. Dospanov, M. Qálenderov, E. Dospanova, G. Qálenderovalar tárepinen 1994-jılı «Qaraqalpaq isimleri» degen at penen basılıp shıqtı. Bul sózlikler, tiykarınan alǵanda, adam atlarınıń jazılıw hám ismlerdi tańlaw máselelerine arnalǵan. Qaraqalpaq tilindegi menshikli adam atları keń túrde O. Sayımbetov tárepinen izertlendi. Ilimpazdıń "Qaraqalpaq tilindegi menshikli adam atları" atlı monografiyasında qaraqalpaq adam atlarınıń payda bolıw tariyxı, shıǵısı boyınsha qatlamları, tariyxıy-etnografiyalıq ózgeshelikleri, semantikası boyınsha túrleri hár tárepleme izertlendi.

Til biliminde antroponimlerdiń ornı kútá úlken áhmiyetke iye. Búgingi kúnde izertleniw basqıshında antroponimler qaraqalpaq xalqı turmısında bolǵan ózgerisler, jámiyetlik-siyasiy waqıyalar sebepli ayırım adam atlarınıń qoyılıwı siyreklesken bolsa, al kerisinshe jámiyettiń ózgerisleri saldarınan jańa atlar da payda bola baslaǵan. Bunday jaǵdaylar tariyxıy, mádeniy ózgerisler, úrip-ádet penen dástúrlerdiń almasıwı, jańalanıwı yáki basqa da tásir etiwshi faktorlar nátiyjesinde kelip shıǵadı. Antroponim hár qanday jámiyettegi ózgerisler, morallıq, milliy psixologiyalıq sana nátiyjesinde júzege kelgen hádiyselerdi ózinde jámlewi menen de birneshe ilimler ushın áhmiyetli, óytkeni hár qanday xalıqtıń isim tańlaw dástúrleri, at qoyıwdaǵı principleri olardıń milliy mentalitetin, jámiyetlik psixologiyasın yamasa tiliniń basqa tiller menen integraciyalıq jaǵdayın ózinde sáwlelendiredi. Bul óz gezeginde antroponimniń til biliminde turaqlı úyrenilip, izertlenip barıwın táminleydi hám aktuallıǵın belgilep beredi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Никонов В.А. Методы антропонимики // Личные имена в прошлом, настоящем, будущем. – Москва: Наука, 1970. – С. 33.
2. Сайымбетов О. Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары. – Нөкис: Қарақалпақстан. 2000.
3. Дүйсебекова Ж.М. Қазақ жəне түрик антропонимлер жүйеси: мотивацыялық аспект. Хабаршы // Вестник «Филология ғылымдары» сериясы 3 (49). – Алматы, 2014.
4. Баскаков Н.А. Элемент «гүл» роза, светок в составе каракалпакских женских имен // Ономастика Средней Азии. – Москва, 1978.
5. Толстова Л.С. Древневосточные антропонимические ассоциации в каракалпакском историческом фольклоре // Ономастика Востока. – Москва, 1980.
6. Насыров Д.С., Толстова Л.С. Каракалпаки // Системы личных имен у народов мира. – Москва, 1986.
7. Шамшетов Ж. Қарақалпақ тилиндеги араб антропонимлеринен. – Нөкис. ӨзРИА ҚБ хабаршысы, №1. 1974.
8. Юсупов. О. Алпамыс дəстанындағы антропонимлер ҳəм етнонимлер ҳаққында жаңа ой пикирлер. – Нөкис. ӨзРИА ҚБ хабаршысы. 1985, 1-сан.